



NAN VIL NEW YORK, SALÈ OU TE TOUCHE AVAN PA PRAL ANPECHE OU JWENN PI BON PWOCHEN SALÈ OU

FÈY ENFÒMASYON POU APLIKAN TRAVAY:

Pwoteksyon Kont Kesyon Konsènan Salè Yon Aplikan Avan

Kòmanse 31 oktòb 2017, anplwayè nan Vil New York yo p ap ka mande sou oswa depann sou salè ou avan pandan pwosesis anbochaj lan. Objektif lwa a se pou kanpe sik inegalite nan salè pou fanm ak moun ki pa blan yo ak ankouraje anplwayè yo peye moun selon kalifikasyon yo.

Q. Ki moun ki pwoteje?

A. Pifò aplikan pou nouveau travay nan Vil New York pwoteje, kit pozisyon an se a plen tan, a tan pasyèl, oswa yon estaj. Travayè endepandan ki pa gen pwòp anplwaye yo pwoteje tou.

Q. Ki moun ki pa pwoteje?

A. Lwa a pa aplike pou:

- Aplikan pou transfè entèn oswa pwomosyon ak anplwayè yo deja genyen.
- Aplikan pou pozisyon ak anplwayè piblik kote konpansasyon an fikse dapre yon akò negosyasyon kolektif. Sepandan, yo entèdi ajans Minisipal yo mande enfòmasyon oswa pou depann sou salè aplikan yo te gen avan dapre Dekrè Egzekitif Majistral 21, ki te siyen 4 novanm 2016.

Q. Ki sa ki entèdi?

A. Anplwayè yo pa kapab:

- Poze kesyon oswa mande enfòmasyon sou salè oswa avantaj ou kounye a oswa avan, pa egzanp, sou aplikasyon travay yo.
- Mande ou enfòmasyon sou salè oswa avantaj aplikan ou kounye a oswa nan ansyen travay ou.
- Chèche nan dosye piblik pou jwenn enfòmasyon sou salè oswa avantaj ou kounye a oswa avan.
- Depann sou enfòmasyon sou salè oswa avantaj ou kounye a oswa avan pou deside konbyen y ap peye ou.

Q. Ki sa ki pa entèdi?

A. Anplwayè yo kapab:

- Fè deklarasyon sou salè yo prevwa, limit salè, bonis, ak avantaj pou yon pozisyon.
- Mande enfòmasyon sou sa w ap atann oswa egzije kòm salè, avantaj, bonis, oswa estrikti komisyon.
- Mande enfòmasyon sou endikatè objektif konsènan pwodiktivite travay ou nan travay ou ye nan moman an oswa ansyen travay ou yo, tankou revni oswa benefis ou te jenere, lavant, rapò sou pwodiksyon, oswa kontabilite biznis la.
- Fè rechèchè sou travay ou ye nan moman an oswa kote ou te ye avan oswa chèche sou entènèt pou verifye enfòmasyon tankou kijan ou te travay, responsabilite, oswa reyalizasyon ou yo. Sepandan, si li ta dekouvi salè oswa avantaj aplikan an kounye a oswa avan, anplwayè a pa ka depann sou enfòmasyon sa yo pou pran desizyon sou salè oswa avantaj.
- Fè rechèchè sou salè oswa avantaj ou kounye a oswa avan lwa federal, eta oswa lokal yo otorize oswa egzije.
- Verifye epi konsidere salè oswa avantaj kounye a oswa avan **sèlman si ou ofri yo volontèman san anplwayè a pa te mande enfòmasyon yo.**

Q. Ki konsekans ki genyen pou patwon yo jwenn vyole lwa a?

A. Yo ka oblige peye domaj, yon amann, ak / oswa sibi plis solisyon afimatif tankou fòmasyon obligatwa ak afiche egzijans yo.



Si ou kwè yo te fè diskriminasyon kont ou akòz salè ou avan, nou ka ede. Kontakte Komisyon Vil New York pou Dwa Moun nan **311** epi oswa rele Liy Dirèk Komisyon an dirèkteman nan **(718) 722-3131**. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [NYC.gov/HumanRights](#).